



# **USCIS**

## **Divizyon pou Verifikasyon**

### **Règleman sou Enfòmasyon Prive**

22 Desanm 2008

# USCIS

## Divizyon pou Verifikasyon

### Règleman sou Enfòmasyon Prive

#### 1. Ki objektif Divizyon Verifikasyon USCIS la?

Divizyon Verifikasyon Sèvis pou Natiralizasyon ak Imigrasyon Ozetazini (USCIS) ap sipèvizè kounyeya Verifikasyon Sistematik Etranje pou Dwa yo Genyen (SAVE) ak Pwogram E-Verify lan. Yo te aplike toulède pwogram yo dapre Lwa 1986 lan sou Kontwòl ak Refòm Imigrasyon (ICRA).

**E-Verify:** Misyon Pwogram E-Verify la se pou bay patwon zouti ak teknoloji pou yo kapab verifye ke anplwaye yo otorize pou travay Ozetazini. Sistèm E-Verify la se yon pwogram gratis pou anplwaye prive ak ajans gouvènman yo verifye nan konpitè si yon moun otorize pou li travay Ozetazini. Pwogram lan se yon kolaborasyon ant Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ansanm ak USCIS.

Patwon ki ap patisipe nan E-Verify kòmanse demach pou verifikasyon yo pou tout nouvo anplwaye li yo pandan twa jou apre anplwaye an kòmanse travay. date. Pwogram E-Verify la mande pou tcheke verifikasyon atravè baz enfòmasyon SSA ak Depatman Homeland Security (DHS), pa mwayen yon sistèm ki enfòmatisè. Si E-Verify pa verifye nan konpitè otorizasyon pou travay premye fwa li t'ap poze kesyon yo, Asistan Jesyon ak Pwogram (MPAs) yo konplete machaswiv lan nan fouye sistèm DHS yo pou verifye kondisyon imigrasyon anplwaye an.

**SAVE:** Pwogram SAVE la gen pou misyon bay ajans gouvènman yo zouti ak teknoloji pou yo kapab verifye kondisyon imigrasyon moun k'ap chèche benefis. Pwogram SAVE lan enfòme ajans federal, leta ak ajans lokal sou kondisyon natiralizasyon ak imigrasyon pou yo deside si imigran ak moun ki pa imigran kalifye pou resevwa benefis. Ajans ak enstitisyon ki bay benefis sa yo epi ki ap patisipe nan Pwogram SAVE lan soumèt demann, swa nan konpitè oswa menalamen, pou verifye kondisyon imigrasyon. Si yo mande pi plis rechèch, MPA va fouye nan sistèm DHS yo pou kapab verifye kondisyon imigrasyon.

Alavni, Divizyon pou Verifikasyon kapab apiye epi/oswa kontwole lèt sistèm epi/oswa pwogram. Si chanjman sa yo ta vin fèt, yo va chanje Règleman sou Enfòmasyon Prive Divizyon pou Verifikasyon yo, jan sa va nesèsè.

#### 2. Kilès pwogram lan touche?

E sitwayen ameriken e moun ki pa sitwayen ameriken kapab touche pa pwogram oswa sistèm ke Divizyon pou Verifikasyon an apiye epi/oswa administre. Nan ka konsa, Divizyon pou Verifikasyon an dwe pwoteje enfòmasyon prive tout moun kèlkeswa kondisyon natiralizasyon yo, pandan l'ap transmèt enfòmasyon prive moun. Selon Memorandòm DHS lan ki konseye sou

Règleman Enfòmasyon Prive nan dat Janvye ane 2007 lan, tout moun USCIS kouvri, sitwayen ak moun ki pa sitwayen, dwe benefisye pwoteksyon Lwa sou Enfòmasyon Prive ane 1974<sup>1</sup> lan ba yo.

### 3. Kijan yon moun ka gen plis enfòmasyon sou poukisa yo bezwen enfòmasyon pèsònèl yo?

Yon moun kapab konnen poukisa yo bezwen enfòmasyon prive li atravè Privacy Impact Assessments (PIAs) (Evalyasyon sou Konsekans Enfòmasyon Prive) ki te pibliye pou Sistèm E-Verify ak Pwogram SAVE, ansanm avèk PIA ak System of Record Notices (SORNs) (Sistèm Anons sou Dosye) ki te pibliye pou Sistèm Verifikasyon Enfòmasyon (VIS), ki ap tcheke kondisyon toulède pwogram yo. Menmsi se pa sèl Pwogram E-Verify la ki ka fè sa, moun ki aksepte yon òf travay, ap resevwa yon Notifikasyon Lwa sou Enfòmasyon Prive lè yo fini ranpli Fòmilè I-9 lan. Epitou, moun k'ap patisipe nan sistèm E-Verify lan kapab aprann plis detay sou kijan yo ap itilize enfòmasyon prive pa yo atravè enfòmasyon Pwogram E-Verify lan ki disponib sou entènèt, pa antremiz patwon an avèk USCIS.

Pou moun ki dwe pase kondisyon verifikasyon anndan Pwogram SAVE lan, Notifikasyon Lwa sou Enfòmasyon Prive an disponib atravè VIS SORN. VIS SORN kidonk avize moun yo ap tcheke kondisyon yo poutèt yo kapab resevwa yon benefis oswa pase yon verifikasyon pou referans pa yo, ansanm ak ba lòt moun ki kapab sou lis kòm kontak, referans, oswa fanmi, nan kad verifikasyon referans y'ap fè sou yon lòt moun. Epitou, Divizyon pou Verifikasyon an ekri yon memorandòm akò (MOU) pou ajans k'ap patisipe nan wogram SAVE lan, sa ki garanti ke ajans lan respekte obligasyon Lwa sou Enfòmasyon Prive.

Si Divizyon pou Verifikasyon an verifye kondisyon pou lòt òganizasyon (pa egzanp patwon ki gen E-Verify, ak ajans federal, leta, ajans prive ki genyen SAVE), yo dwe bay yon Deklarasyon Notifikasyon Lwa sou Enfòmasyon Prive ki va soti nan òganizasyon ki te mande epi rasanble an premye, enfòmasyon prive yon moun pou yon sistèm oswa yon dosye. Deklarasyon pou konfidansyalite sa yo dwe sanble ak deklarasyon Divizyon pou Verifikasyon epi yo dwe gen ladan yo: otorite pou kolekte enfòmasyon an, ansanm ak yon eksplikasyon sou poukisa yo ap kolekte enfòmasyon an, jan yo pral itilize enfòmasyon an, ki kote ak poukisa yo pral pataje enfòmasyon an, si li nesèsè pou yo pataje enfòmasyon an oswa si yo vle fè sa, epi ki konsekans ki va genyen lè yo pa pataje enfòmasyon.

### 4. Ki enfòmasyon yo kolekte?

Enfòmasyon prive yo kolekte kounyeya poutèt pwogram Verifikasyon yo se antwòt, non, nimewo-A, nimewo viza, nimewo paspò, nimewo sekirite sosyal, dat nesans, dat li kòmanse

---

<sup>1</sup> Department of Homeland Security, Privacy Policy Guidance Memorandum 2007-01 Regarding Collection, Use, Retention, and Dissemination of Information on Non-U.S. Persons, January 19, 2007  
[http://www.dhs.gov/xlibrary/assets/privacy/privacy\\_policyguide\\_2007-1.pdf](http://www.dhs.gov/xlibrary/assets/privacy/privacy_policyguide_2007-1.pdf).

travay, ak kondisyon natiralizasyon li deklare. Divizyon pou Verifikasyon an limite yo kolekte enfòmasyon prive sou sèlman sa yo bezwen pou akonpli misyon nou ak pou mennen aktivite ke lalwa oubyen dekrè lwa otorize oswa òdonnen. Epitou, jan yo eksplike sa nan konsèy DHS ak OMB yo, Divizyon pou Verifikasyon an va kolekte, itilize, kenbe epi distribye nimewo sekirite sosyal (SSN) sèlman lè lalwa oswa yon règleman egzije sa, oswa lè yo ap pouswiv yon objektif byen spesifik. Apa kondisyon sa yo, Divizyon pou Verifikasyon an pa dwe kolekte ni itilize yon nimewo SSN kòm yon sèl grenn idantifikasyon. Tout enfòmasyon prive Divizyon pou Verifikasyon an kolekte koresponn epi nesesè poutèt sa pwogram espesyal Verifikasyon an ap chèche, epi yo va byen eksplike yo anndan Anons Dosye Sistèm lan (SORN) pou pwòp sistèm sa-a. Anons Dosye Sistèm gen kounyeya pou Sistèm Verifikasyon Enfòmasyon (VIS) an disponib sou sit entènèt Biwo Prive DHS lan ([http://www.dhs.gov/xabout/structure/editorial\\_0338.shtm](http://www.dhs.gov/xabout/structure/editorial_0338.shtm))

## 5. Kijan yo itilize enfòmasyon an?

Divizyon pou Verifikasyon an itilize enfòmasyon prive li kolekte epi kenbe pou ede deside ka imigrasyon ki annatant, nan Divizyon pou Verifikasyon an. Yo va sèlman itilize enfòmasyon prive yo poutèt rezon yo te kolekte, sòfsi lalwa ta otorize oswa òdonnen sa nan yon lòt manyè espesyal. Yo diskite tout jan pou itilize enfòmasyon prive Sistèm Verifikasyon Enfòmasyon (VIS) lan kolekte epi/oswa itilize nan VIS SORN la.

## 6. Kilès ki va gen aksè a enfòmasyon an?

Enfòmasyon prive Divizyon pou Verifikasyon an kolekte epi kenbe se sèl lalwa, règleman DHS ak akò ekri pou pataje, akò ak lòt òganizasyon, ansanm ak òganizasyon gouvènman oubyen òganizasyon ki pa gouvènman ki ka otorize moun vin ladan yo.

## 7. Kijan yo pral pwoteje enfòmasyon an?

Tout enfòmasyon prive se “Pou Izaj Ofisyèl Sèlman” epi yo make epi yo jere yo selon Règleman DHS, espesyalman DHS 4300A *IT Security Program Handbook for Sensitive Systems*, ak DHS *Handbook for Safeguarding Sensitive Personally Identifiable Information*.<sup>2</sup> Yo va kenbe enfòmasyon prive byen an sekirite ak an konfidansyalite, epi yo pa pral diskite yo ni pataje yo ak okenn moun anndan oswa andeyò pwogram Verifikasyon an, sòf jan lalwa epi travay lan ofisyèlman ta mande sa. Mezi prekosyon, tankou kontwòl sekirite ki apwopriye, va garanti ke yo pa itilize enfòmasyon an epi moun pa gen aksè a li. Epitou, Chèf pou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive DHS lan, Ofisye USCIS lan pou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive ak Chèf Branch Enfòmasyon Prive, Divizyon Verifikasyon USCIS lan, pral egzaminen pati pwogram lan ki aplikab, yon jan pou asire ke yo mete sou pye bon jan mezi prekosyon. Men kèk wòl ak responsablite anplwaye Verifikasyon, pwopriyete ak manadjè Sistèm yo, ansanm ak lòt moun ki ap jere oswa gen aksè nan enfòmasyon anndan pwogram USCIS lan:

---

<sup>2</sup> [http://www.dhs.gov/xlibrary/assets/privacy/privacy\\_guide\\_spii\\_handbook.pdf](http://www.dhs.gov/xlibrary/assets/privacy/privacy_guide_spii_handbook.pdf)

## 7.1 Anplwaye k'ap fè Verifikasyon an

Antank itilizatè sistèm ak dosye USCIS yo, anplwaye pou verifikasyon yo dwe:

- Ale nan dosye ki genyen enfòmasyon prive moun lè yo bezwe enfòmasyon sa-a pou egzekite travay ofisyèl yo.
- Bay enfòmasyon prive sèlman pou rezon travay ki serye epi selon lwa, règleman, politik ak règleman DHA ak USCIS ki aplikab.

## 7.2 Verifikasyon Pwopriyetè ak Manadjè Sistèm lan

Pwopriyetè ak Manadjè Sistèm lan dwe:

- Respekte lwa, règleman ki aplikab, ansanm ak politik avèk pwosedi DHS ak USCIS lè y'ap devlope, aplike epi fè mache sistèm enfòmasyon ki sou kontwòl yo.
- Evalye risk pou yo kapab idantifiye risk pou enfòmasyon prive epi detèminen kontwòl sekirite ki apwopriye pou pwoteksyon kont risk lan.
- Asire ke yo kolekte sèlman enfòmasyon prive ki nesèsè epi konvenab pou koze lalwa òdonnen epi otorize.
- Asire ke tout pratik biznis ki genyen enfòmasyon prive moun, genyen yon Evalyasyon sou Enfliyans Enfòmasyon Prive ke yo apwouve. Evalyasyon sou Enfliyans Enfòmasyon Prive va kadre ak konsèy OMB ak DHS ki koresponn, epi yo va mete yo ajou ofieamezi Sistèm lan ap kontinye devlope.
- Asure ke yo pwoteje epi detwi tout enfòmasyon prive selon lalwa, règleman, politik ak règleman DHA ak USCIS ki aplikab.
- Itilize enfòmasyon prive yo sèlman poutèt koze yo te kolekte yo, sòfsi lalwa ta òdonnen oswa otorize aklè lòt bagay.
- Mete sou pye epi kenbe mezi prekosyon administratif, teknik ak fizik, ki konvni pou pwoteje enfòmasyon prive.

## 7.3 Lòt Pati

Lòt pati dwe pwoteje tou enfòmasyon prive selon règleman DHS ak USCIS sou enfòmasyon prive ak konsèy.

## 8. Pandan konbyen tan yo va kenbe enfòmasyon an?

Yo pral kenbe epi detwi enfòmasyon prive ke Divizyon pou Verifikasyon USCIS la te kolekte selon kondisyon legal ak reglemantè. Jan yo te pwopoze sa bay Administrasyon Dosye ak Achiv

Nasyonal, yo pral gade epi kenbe dosye VIS yo nan yon depo pou di (10) jou apati dat verifikasyon an fini. Men si dosye VIS yo fè pati yon ankèt ki ap kontinye, yo kapab kenbe yo jiskaske ankèt la fini.

## **9. Kilès pou ou kontakte pou plis enfòmasyon sou Divizyon pou Verifikasyon an?**

Moun ke Divizyon pou Verifikasyon an kolekte enfòmasyon prive yo epi itilize yo kapab, jan lalwa pèmèt sa, egzaminen enfòmasyon yo epi mande yo korije erè. Si moun sa yo kwè ction of inaccuracies. Si moun kwè Divizyon pou Verifikasyon an te kolekte, itilize, oswa pataje enfòmasyon prive yo yon jan ki pa dwèt, pandan yo ap verifye si yo ap travay, tanpri kontakte Sèvis Kliyan USCIS lan nan nimewo 1-888-464-4218. Lòt enfòmasyon sou politik konfidansyalite ak reparasyon Divizyon pou Verifikasyon va disponib.